



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN REYAMENAJMAN LOJMAN ABÒDAB
EPI KI BAY SIPÒ KI GEN 123 INITE NAN ROCHESTER**

*Reytilizasyon adapte bilding istorik Utz and Dunn Shoe Company an kreye
lojman ki efikas nan enèji nan katye Susan B. Anthony nan Rochester*

*Investisman an konplete Finger Lakes Forward, ki se estrateji global reyon an
pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Canal Commons, yon devlopman ki te transfòme yon etablisman fabrikasyon istorik 19yèm syèk la nan Rochester pou tounen 123 apatman abòdab, ki gen ladan 70 inite avèk sèvis sipò sou plas.

"Achèvmman Canal Commons pote 123 inite lojman abòdab ki nesèsè anpil nan kè Rochester," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman nou an pral ede pote nouvo lavi nan yon pwopriyete istorik epi bay nouvo opòtinite pou fanmi ki gen revni pi ba yo ak moun ki san kay ki ap chèche aksè nan yon kay ki an sekirite, modèn ki gen ladann aksè a zouti ak sèvis ki pral ede yo pwospere."

Nan senk ane yo ki sot pase la, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 7,000 lojman abòdab nan Konte Monroe. Canal Commons kontinye efò sa a epi li fè pati Plan Lojman 25 milya dola Gouvènè Hochul ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Okòmansman li te konstwi nan 19yèm syèk la pou James Cunningham & Son Company epi li te renove nan kòmansman 20yèm syèk la pou li vin tounen Utz and Dunn Shoe Company Building, estrikti senk etaj ki fèt an brik wouj la te fonksyone kòm yon faktori soulye soti nan ane 1910 yo rive nan ane 1950 yo. Renovasyon yo te kenbe karaktè endistriyèl ki egziste deja nan bilding nan, ak anpil kolòn estriktirèl yo kite ekspoze ak finisyon istorik ki konsève. Anvan konstriksyon ki fèk fini an, bilding lan te rete vid pou plis pase yon deseni.

Tout apatman yo nan pri abòdab pou fanmi k ap touche jiska 60 pousan Revni Mwayen Zòn nan. 70 apatman gen ladan sèvis sipò ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò

Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi se Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York k ap administre li. Sèvis East House bay yo gen ladan jesyon ka finansye, edikasyon ak konsèy pou travay, sipò ant kamarad, ankadreman nan zafè konpetans pou lavi, ak aktivite sosyal.

Sitiye nan katye Susan B. Anthony nan Flower City, sit la twouve li a mwens pase yon kilomèt edmi ak Inner Loop Rochester a, ki ap transfòme pa mwayen gwo envestisman eta ak lokal, epi li tou pre katye Bull's Head vil la, ki te sible tou pou revitalizasyon gouvènman vil la pral fè.

Canal Commons te fèt pou konfòme yo ak pwogram Nouvo Konstriksyon Lojman pou Plizyè Fanmi Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Karakteristik ki dirab yo gen ladan aparèy Energy Star, ekleraj LED, ak fenèt ak izolasyon gwo pèfòmans.

East House te devlope Canal Commons epi MM Development Advisors, Inc. te ko-devlope l. Finansman Eta a gen ladan 20 milyon dola nan Kredi Enpo pou Lojman pou Moun ki gen Revni ki ba yo ak 13 milyon dola nan sibvansyon Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York. Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la te fasilite itilizasyon Kredi Enpo pou Reyabilitasyon Istorik Federal ak Eta ke yo prevwa k ap pwodui 15.5 milyon dola nan ekite. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la pral bay 7.4 milyon dola k ap soti nan Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing Assistance Program, HHAP) a. OMH ap bay apeprè 1.75 milyon dola chak ane nan finansman fonksyonman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la, ansanm ak yon Sibvansyon pou Devlopman Pwojè ki koute 335,000 dola pou ede kouvri depans demaraj yo.

Yo te remedye sit la avèk siksè atravè Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, ki ede ankouraje redevlopman kòm yon mwayen pou revitalize kominote ki gen pwoblèm ekonomik yo.

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Gouvènè Hochul te demontre, yon lòt fwa ankò, angajman li pou amelyore aksesibilite ak ogmante opòtinite lojman pou Nouyòkè yo. Travay ki fini nan Canal Commons lan asire ke 123 fanmi pral benefisye yon avni ki pi briyan nan yon kay abòdab ak katye ki alantou a pral rekòlte rekonpans yon devlopman dinamik ki konsève tou yon pati enpòtan nan istwa Rochester. Nou remèsye patnè eta ak lokal nou yo paske yo ede fè pwojè sa a posib epi bay resous ki pral bay plis rezidan yo yon chans pou yo benefisye kwasans ekonomik kominote sa a."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Netwayaj ki gen siksè nan Canal Commons se yon egzanp pafè sou siksè Pwogram Netwayaj Brownfield DEC la, ki ap ede revitalize kominote yo nan netwaye ansyen sit endistriyèl yo. Netwayaj pwotektè ak reyisi kontaminasyon ki soti

nan sit sa a sèvi tou alafwa pou retire yon ansyen pwopriyete endistriyèl delabre nan peyizaj la ak pou bay opòtinite pou lojman abòdab nan Rochester."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Canal Commons montre lidèchip New York anba Gouvènè Hochul pou reyalize kay abòdab, modèn ak efikas nan enèji ki aksesib pou tout Nouyòkè yo, sitou pou rezidan ki pi vilnerab nou yo. Viv ak pi ba emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak lè ki pi pwòp se yon pati entegral nan avni kabòn net eta nou an kote rezidan yo pral pwospere epi benefisye yon anviwònman pou viv ki pi an sante ak pi konfòtab."

Komisè Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Andikap (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn te deklare, "Investisman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) a nan Canal Commons pral bay rezidan ki sanzabri yo estabilite lojman alontèm ak aksè nan sèvis sipò sou plas ki enpòtan anpil ki pral ede yo abòde pwoblèm ki asosye ki ka te kontribiye nan ensekirite lojman yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li rekonèt avèk rezon wòl santral lojman sipò pèmanan jwe nan bay Nouyòkè ki te sanzabri yo mwayen pou yo viv yon lavi ki an sante epi ki satisfè nan kominote yo a."

Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Lojman sipò bay Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal yon opòtinite pou viv an sekirite nan yon anviwònman endepandan, ki ka gen yon enpak trè pozitif sou lavi yo. Canal Commons ki fini a pote nouvo lavi nan yon estrikti istorik epi kounye a pral bay estabilite ak sipò ki byenvini pou moun ki souffri maladi mantal. Angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou konstwi lojman espesyalize ap ede Nouyòkè yo jwenn yon lojman ki estab ak sèvis yo ka konte sou yo pou viv ak pwospere nan kominote yo."

Komisè Tanporè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York (New York State Parks, Recreation and Historic Preservation) la, Randy Simons, te deklare, "New York gen yon gwo envantè pwopriyete istorik, men anpil nan yo vid oswa pa ase itilize. Atravè pwogram tankou Pwogram Kredi Enpo pou Reyabilitasyon Istorik, nou ka fè patenarya sou pwojè ki ede satisfè inisyativ anbisye Gouvènè a pou lojman abòdab. Jwenn fason pou fè bilding sa yo tounen fonksyonèl nan fason ki adrese bezwen moun jodi a se yon gwo investisman nan kominote nou yo. N ap wè transfòmasyon tankou sa nan eta a epi nou pa ka tann pou nou kolabore nan plis."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Avèk sitiyasyon sanzabri k ap ogmante, Canal Commons East House la pral satisfè yon bezwen dirèk nan Vil Rochester. Kit manm nan kominote nou an ap souffri abi sibstans, yo gen pwoblèm ak sante mantal yo, oswa tou senpleman ap chèche yon kote ki an sekirite pou yo viv, Canal Commons pral ofri yon kote ki estab, abòdab kòm refij nan moman yo bezwen. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak tout ekip la nan East House paske yo te fè pwojè sa a tounen yon reyalite ak pou tout travay yo fè pou ede moun yo sou wout rekipèrasyon yo."

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Lojman abòdab, bon jan kalite, ak sekirite se yon nesosite ke twòp nan rezidan nou yo ak fanmi yo kontinye ap jwenn refi. Pandan ke nou te fè kèk pwogrè nan efò nou pou konbat kriz lojman nan tout eta nou an, gen anpil travay toujou pou fèt. Nou gen yon responsablite kòm reprezantan ak lidè pou asire chak Nouyòkè gen yon lojman ki an sekirite epi ki fyab. Lè nou bay lojman nan yon lokal santral avèk aksè a sèvis sou plas, devlopman tankou Canal Commons pral asire ke manm ki gen difikilte ak majinalize nan kominote nou an resevwa sipò ak resous ki nesese pou pran swen tèt yo ak pwòch yo. Mèsi Gouvènè Hochul, East House, ak kòlèg eta mwen yo pou investisman enpòtan sa a nan vil nou an ak moun Greater Rochester yo."

Majistra Vil Rochester a, Malik Evans, te deklare, "Lojman bon jan kalite amelyore katye nou yo, ankouraje opòtinite ekonomik, epi li se yon gwo priyorite pou Vil Rochester. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Komisè RuthAnne Visnauskas nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, East House ak tout ajans ki te sipòte pwojè sa a pou fè investisman sa a nan Rochester. Kreye kay pou moun k ap rekipere anba maladi mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans se yon bagay ki enpòtan pou kreye espwa ak opòtinite nan vil nou an."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Mwen rekonesan pou investisman kontinyèl Gouvènè Hochul paske l elaji lojman abòdab. Pwojè sa a pral transfòme yon etablisman fabrikasyon 19yèm syèk la pou tounen 123 apatman abòdab epi ki gen sipò. Canal Commons pral sèvi manm nan kominote nou an ki te fè eksperyans sanzabri oswa ki riske vin sanzabri. Konbinezon lojman abòdab ak sèvis sipò anba yon twati pral fè yon diferans nan lavi anpil moun. Kominote nou an apresye efò kontinyèl Gouvènè a pou etabli nouvo inite abòdab nan Konte Monroe ak atravè Eta New York."

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplemante "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)